ЦIияб 2021 Сонгун, районцоял!

Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 1 - 2 (7451)
1 Январь
2021 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ТалихIаб батаги!



ТIаде щвана 2021 сон. Бегана нилъер гIумроялъул цойги тIамач, тарихалде ана 2020 сон. Гьеб букIана заманаялъулал тIалабал гIемерал ругониги, щивасе гIумро гьабиялъе захIматаб сон. Араб сонална нилъеца районалъул гIадамазул мурадал ва хIажалъаби тIураялъе гIемерал хIалтIаби гьаруна вирасалъулал унтаби тIиритIиялдалъун захIмалъаби рукIаниги. Республикаялъул бетIерлъун В. ГI. Васильев вачIаралдаса хIалтIизе лъугьана гьеб ишалъе цIикIкIарал ресал кьолел хасал программаби, гьезда рекъон биччана гIарацги. «Мой Дагестан» программаялда рекъон къачIана республикаялъул ва районазул нухал, «Чистая вода» программаялда рекъон рахьана лъинал, «150 школ» программаялда рекъон къачIана школал. ХIалтIулел руго цогидалги Дагъистан кинабго рахъ цебетIезабиялъе рес кьолел программаби. Жигараб хIалтIи гьабуна районалда араб сонална налогал ракIариялда ва цогидалги плановиял рахъал церетIезариялъе. Налогал ракIариялъул планал тIурана 100%. Районалъул АТК хIасил кьоледухъ хIалтIиялъул хIасилалда гьабсагIаталда районалда буго гIодобе биччараб ахIвал-хIал. Араб соналъул ахиралда Дагъистан республикаялде бетIерлъун вачIана С. А. Меликов. Дагъистан цебе тIезабиялъе гьесулги руго цIиял планал.

Нилъ гъорлъе лъугьараб 2021 сон баркизе бокьун буго байбихьуда тIолалго районалъул гIадамазда, райадминистрациялъул хIалтIухъабазда, районалъул Собраниялъул депутатазда. Биччанте ЦIияб Сон нилъее букIине политикияб рахъалъ гIодобе биччараблъун, рохалилаблъун ва талихIаблъун. Нилъер щивасул ургъелал, къварилъаби, унта - щокълъи араб соналъулъ хутIаги, бачIараб ЦIияб 2021 Соналъ нужер къавулъе лъикIаб гурони хабар бачIунгеги! ТIурайги щивасул ракIазул мурадал, сахлъи – рохел, нужее. ЦIияб 2021 Сонгун, районцоял!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Данделъи тIобитIана

25 декабралда райадминистрациялда букIана иргадулаб данделъи. Гьениб къойил темаялде босун букIана Майданское росулъе газ бачиналъул ва Шамильхъалаялда бараб физкультураялъул ва спорталъул, сах гьариялъул комплекс рагьиялъул суалал.

ТIадехун рехсарал суалазда хурхун бетIерас иш тIаде кколел гIадамазе тIадкъаял кьуна.

Данделъаби

## КIвар бугел суалалгун



Араб анкьалда рай-администрациялда букIана гьаб сонил хIалтIул хIасилазул ва цIияб соналде гьаризесел хIалтIабазул бицуneб дан-делъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал ХЪ-М. ГIабдулхаликъов, ГI-М. МухIамадов, М. ХIамзатов, финансовияб отделалъул нач Ж. Шамсудинов ва цогидалги хIалтIухъаби.

Байбихьуда данделъиялда бицана районалда эпи-демиологияб рахъалъ бугеб хIалалъул.ГI.Нур-мухIамадовас бихьизабуна эпидемиялъулаб ахIвал – хIал жеги районалда кьварараб хъаравуллъиялда гъорль чIезабизе кколин. «Школазда, ясли ахазда букIине ккола дезинфекциялъулал жал, маскаби квердаххелал, рециркуляторал. Кидагосеб хъаравуллъи чIезабе лъимализда учителзабазда хадуб» - ян бихьизабуна бетIерас.

Данделъиялда кIалъараз бихьизабуна лъай кьеялъул учреждениял эпидемиялде данде чIолел жалаздалъун хьезарун ругин.

Данделъиялда Хъ. ГIабдулхаликъовас бицана районалда ралел бакIазул, пачалихъиял проектазда ва программабазда рекъон гьарурал хIалтIабазул. гьединго тIадчIей гьабуна районалде газ бачунеб букIиналда, гьеб кватIичIого щвезе буго Майданское росулъе. Гьал къоязда хIалтIизабизе кьезе буго Шамильхъалаялда «Единая Россия» партиялъул программаялда бараб физкультураялъулгун сах гьариялъулгун комплекс.

Гьединго данделъиялда тIадчIей гьабуна бюджеталда, налогал ракIариялда. Финансазул отделалъул начальник Ж. Шамсудиновасул рагIабазда рекъон налогал ракIариялъул хIасилал лъикIал руго.

ЦIалдохъабазе - хинаб квен

## Киналго рахъал дандрана



Гьал къоязда райадминистрациялда букIана администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаги школазул нухмалъулелги дандчIвалеб данделъи. Гьениб аслияб суал букIана школазда лъималазе хинаб квен кьеялъул. ДандчIваялда кIалъалаго бетIерасул зам ГI-М. МухIамадовас бихьизабуна гьеб суал гьаб сагIаталда цIакъ кIвар бугеб бугилан.

Шамильхъалаялъул школалда лъималазе хинаб квен кьеялъул бицана директор ГЪ-М. ГьазимухIамадовас,гьесбихьизабуна гIемерал хиса – басиял гьаризе кколин гьелда хурхун, -абун. Гьел ккола школазда санагIалъаби чIезари, лъималазул къадар лъазаби, эпидемиялъул заманалда ва гьадингоги тIуразаризе ккола Роспотребнадзоралъул рихьизариял.

Гьенибго «Меркурий» федералияб сеталъул бицана диетолог М. ГIалиевалъ. Гьелъ тIадчIей гьабуна киналго школазда «Меркурий» программаялда хъвай – хъвагIай гьабун букIине кколин, хIайваназул продуктабазул качество букIинабиялъе, - абун. Гьеб программаялдасан биччала качественнияб хал гьабигун гьан, ччугIа ва цогидалги. Гьелъ бицана санитариябгун эпидемиологияб рахъалъул нормабазул, холодильниказда жанир продуктаби цIуниялъул, рацIцIалъи букIинабиялъул, школал терроризмаялдаса цIуниялъул.

## М. Гь. Гьиматов гьавуралдаса ва ДАССРалъ 100 сон тIубаялде

# ГIакълучи, насихIатчи, маслихIатчи



**2020 соналъул 23 декабралда 100 сон тIубана республикаялъул политикиявгун жамгIияв хIаракатчи, КПССалъул Унсоколо ва Хьаргаби райкомазул вукIарав тIоцевесев секретарь М. Гь. Гьиматов гьавуралдаса. ГIаммаб къагIидаялда гьел хъулухъазда М. Гьиматов хIалтIана лъебергоялдасаги цIикIкIун соналъ, 1983 соналъул ахиралда пенсиялде инегIан. Гьесие кьун букIана 6 орден (гьезда гьоркьоб Ленинил орденги), 14 медальги. Гьесул цIар лъун буго ЦIатIанихъ росдал гьоркьохъеб школалда.**

Дида Гьиматов МухIамадил хIакъалъулъ бицунеб рагIана дун ЦIатIанихъ росдал школалъул байбихьул классазда цIалулеб мехалъго. Нижер ЦIатIанихъ росулъ кIудияб лъугьа-бахъинлъун букIунаан МухIамад Гьиматович гIагараб росулъе вачIин. Гьев гIисиназги чIахIиязги сверун кколаан ва гьесул кIалъаязухъги бицунелъухъги шавкъалда гIенеккулаан. Кинал рукIаниги жамгIиял тадбиразда кIалъазе (хасго магIарул мацIалда) МухIамад Гьиматовичасул букIараб махщалил цIар тIибитIун букIана Дагъистаналдаго.

МухIамад Гьиматов ДАССРалъул Верховный Советалъул депутатлъиялде кандидатлъун вихьизавиялда хурхун букIараб данделъиялде, росдал клубалде, ракIарун рукIана тIолабго жамагIатги, школалъул цIалдохъабиги, тIаде рачIарал цогидалги. Гьеб букIана ихдал заман, клубалда аскIосан магIарухъе гIи гочинабулел рукIарал цоги районалдаса гIухьбиги рачIана клубалде гIемераб бицунеб рагIун букIанин Гьиматил МухIамадил магIарул мацIалда кIалъазе бугеб махщелалъул, цо гьесухъ гIенеккизе жалги риччаян. ХIакъикъаталда МухIамад Гьиматовасда гIадин магIарул мацI лъалел чагIи доб заманалда дагьал рукIанин абула. Гьес райкомалъул пленумазул данделъабиги магIарул мацIалда рачунилан бицен букIана. Дол соназда магIарулазда гьоркьоб тIибитIун букIана Унсоколо райкомалъ «бухьеналъул гарацIалъул бетIерасе кьварараб нагIана кьезе» гьабураб хIукму. МухIамад Гьиматовасда рекIехъе лъалаан авар литератураялъул классикал Инхоса ГIалихIажиясул, ХъахIабросулъа МахIмудил, ЦIадаса ХIамзатил, ХIамзатил Расулил гIемерал асарал ва гьездасан гIемерал мисалал рачунаан партиялъул ва цогидал жамгIиял тадбиразда гьарулел жиндирго кIалъаязулъ, гIадатиял гIадамазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIулъ. М. Гьиматовасул жигаралдалъун байбихьана ХъахIабросулъа МахIмуд ракIалде щвезавиялъул, республикаялъул даражаялъул кучIдузул байрам ХъахIабросулъ тIобитIи, гьес хъван букIана МахIмудил асаразул тIоцебе къватIибе биччараб тIехьалъе цебергагIиги. Гьебго заманалда райцентралда бан букIана МахIмудие памятникги. М. Гьиматовасул букIана кIудияб махщел сверухъ лъугьунелъеги ва гьелда гIахьаллъулезеги битIараб, гIадамазда бичIчIулел къокъал рагIабаздалъун къимат кьезе. Масала, гьес ХIамзатил Расул СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъияде кандидатлъун вихьизавулеб данделъиялда абун букIана кIалъазе рагIи кьолин «кочIол хIуби ХIамзатил Расулие» абун. ТIокIабги мухIканго, къокъго кинха абилеб? Живго ХIамзатил Расулица абулеб букIун буго жиндие захIмалъулин Гьиматил МухIамадида хадуб магIарул мацIалъ кIалъазеян. Цо нухалда МухIамадил рокъове щведал, гьенир ратана Москваялдаса рачIарал журналисталги ДагъистаналъулМВДялъул хIалтIухъабазул къокъаги. Гьезулгун букIараб гара-чIвариялда МухIамадица абуна коммунист партия биххиялъе рукIарал гIиллабазул цояблъун кколин диналдехун партиялъул букIараб мекъаб бербалагьи - абун. Гьиматил МухIамад КПССалъул Унсоколо райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вугеб заманалда харбал тIиритIулаан районалъул идарабаз АхIулгохIде зиярат гьабулел чагIазе квал-квалал гьарулилан. Хадуб МухIамад Гьиматовичасда гьедин щай букIараб цIехедал, гьес гьимулаго жаваб кьуна, гьедин гьабун букIинчIебани, гьанже АхIулгохI букIунароанилан. Гьебго заманалда тIиритIизе байбихьун рукIана МахIач Дахадаевасул хIакъалъулъ мекъал пикраби, гьев большевиказул кьеразулъ вукIинчIин ва республикаялъул тахшагьаралда гьесул цIар бегьуларилан. Гьезие жаваблъун букIана МахIачхъалаялда вокзалалда цебе МахIач Дахадаевасе бараб памятник ва гьеб ишалъулъ аслияб бутIа лъуразул цоявлъун МухIамад Гьиматовичги вукIана. Араб гIасруялъул лъабкъоялда анцIабилел соназул ахиралда байбихьана районалъул ракьалда Рихьуниб ГЭС базе. ГЭС балаго дандчIвалел рукIарал захIмалъаби къезаризе республикаялъул бетIерлъи гьабулезда аскIов кидаго МухIамад Гьиматовги вукIана. Гьанже лъидаха лъалеб ГЭСалъул проекталде гьоркьобе гендерил парсахъан бахъулеб тоннель ккезабулаго рукIарал квал-квалал. Гьеб иш роцIинабизе СССРалъул Госпланалде ун рукIаразул къокъаялда гъорлъги вукIана МухIамад Гьиматов ва гьес маслихIатчилъиялъе бугеб махщел бихьизабуна. Хадуб Госпланалъул хIакимзабиги Унсоколоре ахIун, тоннель бахъиялъул суал тIубана. МухIамад Гьиматовасул кидаго щулияб бухьен букIана районалъул гIун бачIунебги чIахIиябги гIелалъулгун, район тун къватIирехун, республикаялъул даражаялда хIалтIулел рукIарал районцоязулгун. Хасаб батIияб хинлъигун унаан гьесул росуцоязулгун, хасго жиндирго гIелалъул гIадамазулгун (Исламил ГIабдулагьил, КъурамухIамадил МухIамадил, ГIисал ва цогидазулгун) рукIарал дандчIваял, гьелги рукIунаан аслияб къагIидаялда МухIамадил рокъоб ва лъугIулаан кIудияб махщалида КъурамухIамадил МухIамадица пандурги хъван ахIулел кучIдуздалъун. Диеги рес щолаан цо-цо гьезда гIахьаллъизе ва дица рикIкIуна гьел рукIанин дие гIумруялъул кIудиял дарсаллъун. МухIамад Гьиматов вукIана кIудияв гIакълучи, насихIатчи, маслихIатчи. Гьев вукIана, кинаб ахIвал-хIалалда, кинаб заманалда ва кив вугониги хисуларев чи, гьединав вукIиналъ гьесулги сверухъ ругез кIудияб хIурмат гьабулаан ва гьанжеги хIурматалда ракIалде щвезавула.

Лев Толстояс абун буго талихIавлъун кколин жиндирго рокъов талихIалда вугев чиян. Гьеб рахъалдасан МухIамад Гьиматовичасе битI ккун букIана, гьелъие гIиллалъун йикIана гьесул лъади, мунагьал чураяй ПатIимат. Гьей кидаго хIадур йикIунаан тIаде рачIарал гьалбал къабул гьаризе, гьезие рокъоб хинаб, аваданаб ахIвал-хIал чIезабизе. МухIамадицаги ПатIиматицаги цадахъ гIезе гьаруна лъабго вас, тарбия кьуна гьезул лъималазеги. Гьезул рахъана гIалимзабиги, магIишатазул бутIрулги, хъулухъчагIиги, жалго рихьизаруна инсул мустахIикъал ирсилаллъун. Дагьаб цебегIан къватIибе бачIана Гьиматил МухIамадил васасул васаз данде гьабураб, лъикIаб магIнаялъул ракIалдещвезул тIехь. Гьеб лъугьана МухIамад Гьиматович гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул юбилеялде гьев лъалезеги, гьесул жеги нахъе ругел гьудул-гьалмагъзабазеги мустахIикъаб сайгъатлъун. РакIалде ккола МухIамад Гьиматовичасул юбилеялде лъикIаб букIинаанин МахIачхъала шагьаралъул цо къватIалда М. Гьиматовасул цIар лъеян Унсоколо районалъул администрациялъ республикаялъул кколел идарабазде хитIаб гьабуни.

**Бигиш Чаниев**

**РДялъул Минмелиоводхоз ФГБУялъул директорасул т1оцебесев зам.**

## Дагъистан чIухIарав вас

Гьиматов МухIамад Гьиматович гьавуна 1920 соналъул 24 декабралда ЦIатIанихъ росулъ векьарухъан МутагIиласул Гьиматил кIудияб хъизаналда. 1935-1938 соназ цIалана Генуб школа-интернаталда ва хадуб байбихьул классазул мугIалимасул курсалги лъугIизарун 1938 соналда байбихьана гIагараб росулъ мугIалимлъун хIалтIизе. Хадусел соназ Колоб росулъ байбихьул школалъул заведующийлъун хIалтIана. ХIалтIулаго цадахъ гьес лъугIизабуна Буйнакскиялъул авар педучилище. 1940 соналда МухIамад витIула ЦIатIанихъ росдал советалъул захIматчагIазул депутатазул исполкомалъул председательлъун. 1941 соналда ана советияб армиялде ва гIахьаллъана КIудияб ВатIанияб рагъул фронталда артиллериялъул полкалъул къукъаялда. Харьков шагьаралда аскIоб Безлюдовка абулеб бакIалда захIматго лъукъана. Рагъдаса тIад вуссун хадубги хIалтIана цин ЦIатIанихъ тIубачIеб школалъул директорлъун, хадув Унсоколо райисполкомалъул халкъияб лъай кьеялъул заведующийлъун. 1947 соналда МухIамад вищуна Унсоколо райисполкомалъул кадрабазул рахъалъ секретарьлъун. 1949 соналъ областалъул партшколаги лъугIизабун , гьев тIамула КПССалъул Унсоколо райкомалъул тIоцебесев секретарьлъун. 1951-1954с М.Гьиматовас цIалун лъугIизабуна КПССалъул ЦКаялъул тIадегIанаб партшколаги. 1984 соналда ана мустахIикъаб хIалхьиялде. ХIалхьиялда вугониги хIалтIун ругьунав МухIамад хIалтIана тIабигIат цIуниялъул республикаялъул

**Ахир 3 гьум.**

ТIадегIанал цIвабзазулъ
Район кенчIезабурав,
Камилал махщелазе
Машгъурлъи щвезабурав,

Халкъалъе хъулухъ гьабун
КъуркьичIого хIалтIарав,
ХIасратаб хьиндаллъуда
ТIогьол ахал гьарурав.



# Дагъистан чIухIарав цIетIендерил вас

ва райкомалъул комитетазда. Гьес кIудияб бутIа лъуна Унсоколо ва Хьаргаби районазул социалиябгун ва экономияб рахъ цебе тIеялъе. ХIаракатаб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул жамгIияб политикияб гIумроялъулъ. МухIамад чанго нухалъ вищана Верховный Советалъул депутатлъун. 1971-1975 соназда гьев вищун вукIана ДАССРалъул Верховный Советалъул председателасул заместительлъун.

Коммунист партиялъул ва пачалихъалъул хIаракатчи, Гьиматов МухIамад Гьиматовичас, Унсоколо районалъе 35 гIан соналъ бажарун нухмалъи гьабуна.

Гьес нахъа тана гIумроялъул гьайбатаб , талихIаб ва халкъалъе пайдаяб нух. Гьезул хъизаналда гIуна лъабго вас- Гьиматов Гьимат-экономикиял гIелмабазул доктор, Гьиматов Ибрагьим - биологиялъул гIелмабазул доктор.

Кив хIалтIаниги М. Гьиматовас живго вихьизавуна гьунар тIокIав, бажари бугев жавабчилъи бугев нухмалъулев хIисабалда.

Рагъулаб ва захIматалъулаб хIарактчилъиялъухъ М.Гьиматов кIодо гьавуна «Ленинил орденалдалъун», «ЗахIматалъул багIараб байрахъалдалъун» (кIицIул), «ХIурматалъул гIаламат» - орден (кIицIул), «Октябралъул революциялъул» орденал , гьединго 14 медалалдалъун ва ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул чанго хIурматалъул грамотаялдалъун. ЦIатIанихъ росулъ гьавурав ,



гIурав МухIамадица районалъул росабазулги ва район тун къватIибехун ругел цогидал миллатазул гIадамазулги кинабгIаги батIалъи гьабулароан. Гьесие киналго цо гIадин рокьулаан.

Гьединлъидалги батила гьесул хIурмат гьабулаан цадахъ хIалтIулез гуребги республикаялда гьев лъалелщиназги. Мекъи ккеларин ккола Дагъистаналда гьев лъаларев росу къанагIатги букIун батиларин абуниги. Лъай-хъвай ялда гьоркьоб ЦIатIанихъа вугилан абидал «Гьиматовасул росулъа» рагIулаха мунан абулаан ва байбихьулаан Гьиматовасул хIакъалъулъ цIех-рех гьабизеги , ракIалде щвеял рицинеги. ЧIахIияб гIелалда гьоркьоб гьанжеги гьедин букIуна.

ГIун бачIунеб гIелалда цебе мисалалъе лъикIал ракIалдещвеялтана ГьиматилМухIамадица. ГIадамазе кумекалъе хIадурав, хIеренаб кIалъаялъул инсан М.Гьиматов кIочон теларо гьев лъалелщиназда.

ЦIетIендерица ракI чIун ва кIудияб чIухIиялдалъун рехсола МухIамадил цIар. Метерисеб росдал къисмат бараб букIуна жакъасеб гIолеб гIелалда. Гьедин МухIамад нилъедаса ватIалъун хадувги вуго букIинеселъе кIудияб мисалъун. ГIадамазда гьоркьоб рекъел цIуни ва гьудуллъи щулалъи букIана гьесул гIумродул аслияб мурад.

Гьиматов МухIамадил хIакъалъулъ гIемерал макъалаби хъвана цIар рагIарал мухбирзабаз-К.Николаевас, Дагъистаналъул машгъурав поэт МухIамад ГIисаевас ва гIемерал цогидазги.

ЦIатIанихъ росулъ цо къватIалда цIар лъуна Гьиматов МухIамадил, гьединго гьесул цIар кьун буго гьес мугIалимлъи гьабураб гIагараб ЦIатIанихъ школалъеги.

100 сон тIубана Гьиматов МухIамад гьавуралдаса. Гьелда хурхун ЦIатIанихъ росдал гьоркьохъеб школалда гьаруна цо къадаралъул хIалтIаби.

Гьесул хIалтIул бажариялъул бицун лъималазда цебе кIалъай гьабуна школалъул нухмалъиялъ. Лъималазда гьоркьор тIоритIана МухIамадил гIумроялъул хIакъалъулъ тарих лъикIго лъалезул къецал.

**Асият Жамалудинова**

2020 год

# Итоги уходящего 2020 года

За 2020 год администрацией Унцукульского района с Исой Нурмагомедовым была проделана большая работа. Год был не простой. Несмотря на возникшую ситуацию, связанную с пандемией коронавирусной инфекции, работа проводилась регулярно.

В первую очередь для улучшения условия жизни жителей района решались проблемы, связанные с водой, дорогами, больницами, образовательными учреждениями и др.

Неоднократно посещались населенные пункты Унцукульского района, уделяли внимание развитию сельского хозяйства, малого и среднего бизнеса.

В селах района постоянно проводились разъяснительные работы среди жителей, посещали на дом пожилых людей. Благодаря волонтерам больные получали лекарства, продукты питания. В районе был соблюден масочный режим, режим самоизоляции, жители соблюдали меры предосторожности для улучшения ситуации.

В Унцукульской ЦРБ лечение больных было организовано на высшем уровне. Больница была обеспечена лекарствами, аппаратами ИВЛ, СИЗ.

Помощь больницам и людям поступала не только от неравнодушных жителей района, но и из разных городов нашей страны. Так, благотворительный фонд «Ангел» из Пятигорска неоднократно отправлял помощь.

Большую помощь оказали и меценаты, как Ахмед Магомедов, Магомед Кихасуров, Магомед Балаев, Муслим Гиндиев, Магомед Садулаев, братья Гайдаровы и др.

Руководители организаций, врачи, младший медицинский персонал больницы, главы поселений, волонтеры, простые люди показали себя как сплоченный коллектив в борьбе с этой напастью. Отдельно нужно подчеркнуть добросовестную работу правоохранительных органов, которые вместе с представителями администрации проводили мероприятия по недопущению распространения новой коронавирусной инфекции.

Большой заслугой в 2020 году стало и присвоение высокого звания главному врачу Унцукульской ЦРБ Айшат Магомедовой - «Заслуженный врач РД».

2020 год для Унцукульского района был плодотворным в плане реализации различных проектов по федеральным, республиканским и другим программам.

Так, были сданы более 22 новых объектов по программе "Мой Дагестан - Моя вода», «Комфортная городская среда», «Культура», также по партийной программе «Единая Россия». С апреля по май 2020 года в школах района было ведено дистанционное обучение. К началу нового учебного процесса в школах муниципалитета был закончен ремонт, также в школах и детсадах были проверены горячее питание, пищеблоки. Все учебные заведения обеспечены СИЗами.

Представители администрации до начала учебного года и после объездили все села для того, чтобы удостовериться в том, будут ли обеспечены учащиеся всем необходимым. Так, в селении Аракани Иса Магомедович с делегацией побывал лично.

МКОУ «Унцукульская СОШ№1», МКОУ «Зиранинская СОШ», МКОУ «Балаханская СОШ» вошли в федеральный проект «Сто школ» и были отремонтированы.

Летом 2020г. в Унцукульском районе, как и по всей России, проходило голосование по внесению поправок в Конституцию РФ. Голосование прошло и досрочно в некоторых отдаленных пунктах, оно прошло без нарушений, соблюдались все меры предосторожности.

С рабочим визитом Унцукульский район посетили: представители проекта «Мой Дагестан – Моя вода», заместитель Муфтията РД, Министр здравоохранения РД, замминистра РД по экономике, первый замминистра РД по спорту, Министр культуры РД, Министр внутренних дел РД, Председатель Правительства РД и др.

Проводилась работа по дезинфекции организаций и учреждений, помещений, школ и детсадов, магазинов и аптек, мест скопления людей.

Комиссией по делам несовершеннолетних была также проделана определенная работа: встречи, беседы с детьми. Уделялось внимание противодействию коррупции. Глава муниципалитета принимал граждан, чтобы узнать о всех проблемах и решать их. Не остались в стороне и депутаты. Велась работа по снижению транспортного налога и других задолженностей, судебных приставов. Поднимались вопросы по стратегии развития туризма. Были ведены ограничительные меры. В районе в настоящее время организована работа по реализации проекта по переработке плодов и овощей и мн. др.

Следует отметить, что 28 декабря состоялся торжественный пуск газа в селе Майданское Унцукульского района с участием врио Председателя Правительства РД – Министра энергетики РД Владимира Лемешко, исполнительного директора ООО «Газпром газораспределение Дагестан» Ризвана Газимагомедова, заместителя исполнительного директора Ахмеда Ибрагимова и др.

В конце хотелось бы отметить, что за 2020 год по налоговым сборам собираемость составило 100%.

**Патиматзаграт Магомедова**

# Торжественный пуск газа состоялся в селе Майданское Унцукульского района



Сегодня, 28 декабря, врио заместителя Председателя Правительства РД – министр энергетики РД Владимир Лемешко принял участие в торжественном мероприятии, посвященном пуску газа в селении Майданское Унцукульского района.

В нем также приняли участие глава района Иса Нурмагомедов, исполнительный директор ООО «Газпром газораспределение Дагестан» Ризван Газимагомедов, заместитель исполнительного директора Ахмед Ибрагимов, депутат НС РД Магомед Магомедов и др.

Открывая мероприятие, глава района поприветствовал почетных гостей и поблагодарил тех, кто принимал участие в проведении газа в селении.

Владимир Лемешко от имени Врио Главы Дагестана Сергея Меликова поздравил жителей села Майданское с таким важным событием и отметил, что сельчанам необходимо обратить особое внимание на технику безопасности при пользовании газом.

В свою очередь исполнительный директор ООО «Газпром газораспределение Дагестан» Ризван Газимагомедов пожелал, чтобы в Новом году газ принес каждому жителю села только уют и добро. Он также сообщил, что к 2022 году газ будет проведен в с. Ирганай и в поселок городского типа Шамилькала Унцукульского района.

Жители села Майданское поблагодарили руководство республики и компании за газификацию населенного пункта.

Завершилось мероприятие перерезанием красной ленты и пуском газа.

# Республика Дагестан Унцукульский район
# Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт. Шамилькала, ул.М.Дахадаева 3, тел. 55-62-87

**Проект**

## Решение
## Собрания депутатов о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район»

**Принято Собранием депутатов «__» _________ 2020 года №__**

С целью приведения Устава муниципального образования «Унцукулький район» в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (в редакции Федерального закона **от 01.05.2019 № 87-ФЗ, 26.07.2019 № 228-ФЗ, от 02.08.2019 № 283-ФЗ, от 16.12.2019 № 432-ФЗ, от 20.07.2020 № 241-ФЗ, Закон Республики Дагестан от 22.10.2020 № 71**) и законами Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального образования «Унцукульский район»

## РЕШИЛО:

I.Внести следующие изменения и дополнения в Устава муниципального образования «Унцукулький район»:

**1.Пункт 5 части 1 статьи 8 утратил силу;**

**2.Статья 7:**

часть 1 дополнить пунктом следующего содержания:

«**15) предоставление сотруднику, замещающему должность участкового уполномоченного полиции, и членам его семьи жилого помещения на период замещения сотрудником указанной должности».**

**3.Статья 26:**

пункт 3 части 1 изложить в следующей редакции:

**«3) в случае преобразования муниципального района, осуществляемого в соответствии с частями 4; 6 ст. 13 Федерального закона от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ, а также в случае упразднения муниципального района;»**

**4 Часть 4 статья 27 изложить в следующей редакции:**

«Осуществляющий свои полномочия на постоянной основе депутат Собрания депутатов муниципального района не вправе:

1) заниматься предпринимательской деятельностью лично или через доверенных лиц;

2) участвовать в управлении коммерческой или некоммерческой организацией, за исключением следующих случаев:

а) участие на безвозмездной основе в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участие в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно - строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости;

б) участие на безвозмездной основе в управлении некоммерческой организацией (кроме участия в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в

**Продолжение на 5 стр.**

# Республика Дагестан Унцукульский район Собрание депутатов муниципального района

## Решение

## Собрания депутатов о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район»

органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участия в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости) с предварительным уведомлением Главы РД в порядке, установленном законом РД;

в) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в Совете муниципальных образований РД, иных объединениях муниципальных образований, а также в их органах управления;

г) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальный район, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального района полномочий учредителя организации либо порядок управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями в уставном капитале);

д) иные случаи, предусмотренные федеральными законами;

**3) заниматься иной оплачиваемой деятельностью, за исключением преподавательской, научной и иной творческой деятельности. При этом преподавательская, научная и иная творческая деятельность не может финансироваться исключительно за счет средств иностранных государств,**

**4) входить в состав органов управления, попечительскихилинаблюдательныхсоветов, иных органов иностранных некоммерческих неправительственных организаций и действующих на территории Российской Федерации их структурных подразделений, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации.»**

**5.Часть 4 статьи 28 изложить в следующей редакции:**

«4.Депутат Собрания депутатов муниципального района должен соблюдать ограничения, запреты, исполнять обязанности, которые установлены Федеральным законом от 25 декабря 2008 года № 273-ФЗ «О противодействии коррупции», Федеральным законом от 3 декабря 2012 года № 230-ФЗ «О контроле за соответствием расходов лиц, замещающих государственные должности, и иных лиц их доходам», Федеральным законом от 7 мая 2013 года № 79-ФЗ «О запрете отдельным категориям лиц открывать и иметь счета (вклады), хранить наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, владеть и (или) пользоваться иностранными финансовыми инструментами», если иное не предусмотрено Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ»;

**6.Часть 6 статьи 29 изложить в следующей редакции:**

«Глава муниципального района не вправе:

1) заниматься предпринимательской деятельностью лично или через доверенных лиц;

2) участвовать в управлении коммерческой или некоммерческой организацией, за исключением следующих случаев:

а) участие на безвозмездной основе в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участие в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости;

б) участие на безвозмездной основе в управлении некоммерческой организацией (кроме участия в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участия в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости) с предварительным уведомлением Главы РД в порядке, установленном законом РД;

в) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в Совете муниципальных образований РД, иных объединениях муниципальных образований, а также в их органах управления;

г) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем международных и иностранных организаций, иностранных граждан и лиц без гражданства, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации; (акционером, участником) которой является муниципальный район, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального района полномочий учредителя организации либо порядок управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями в уставном капитале);

д) иные случаи, предусмотренные федеральными законами;

**3) заниматься иной оплачиваемой деятельностью, за исключением преподавательской, научной и иной творческой деятельности. При этом преподавательская, научная и иная творческая деятельность не может финансироваться исключительно за счет средств иностранных государств, международныхииностранныхорганизаций, иностранных граждан и лиц без гражданства, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации;**

**4) входить в состав органов управления, попечительскихилинаблюдательныхсоветов, иных органов иностранных некоммерческих неправительственных организаций и действующих на территории Российской Федерации их структурных подразделений, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской.»;**

**7 Статьи 31:**

**а) пункт 12 части 1 изложить в следующей редакции:**

**«в случае преобразования муниципального района, осуществляемого в соответствии с частями 4, 6 статьи 13 ФЗ, а также в случае упразднения муниципального района;»;**

**б) часть 5 дополнить словами «, если иное не предусмотрено Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ»;**

**8 Часть 9 статья 27 дополнить абзацем следующего содержания:**

**«Депутату представительного органа муниципального образования для осуществления своих полномочий на непостоянной основе гарантируется сохранение места работы (должности) на период продолжительностью в совокупности шесть рабочих дней в месяц.»**

II. Настоящее решение представить на государственную регистрацию в Управление Министерства Юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования) после его государственной регистрации.

Председатель Собрания Глава района

**И.Нурмагомедов**

**М.Юсупов**

Унтаразул баркала

# РакI унтараб балагьигун



**ГIемерал кагътал рачIуна «Ахихъан» газеталъул редакциялде унтаразул рахъалдасан врачазегун медхIалтIухъабазе баркала загьир гьабун. Гьел цIакъго гIемер рачIунел руго гьаб коронавирусалъул хвалилаб хIинкъиялдасан рорчIаразги, цогидал унтабаз унтаразги ахирияб заманалда. Гьеб унтул рахъалъ захIматаб хIал буго жеги районалда, амма Унсоколо районалъул больницаялъул хIалтIухъабаз гIаданлъи, яхI – намус цIунун, жидеего бугеб хIинкъиялде рачIинчIого сах гьарулел руго унтарал. Гьеб рахъалъ бачIараб цо гьари бахъулеб буго нижеца жакъа газеталда.**

Дунялалда тIад даимал махщелал ратани гьединазул цоял ккола медицинаялъул хIалтIухъабазул махщел. Гиппократил сах гьариялъул заманаялдаса нахъе битIун чиясул сахлъи цIуни хутIулеб буго цIакъго жавабчилъи бугеблъун.

Гьаб нагIана батаяб «covid» вирусалъ унтун дагьаб церегIан къоязда дунги вегизе ккана больницаялда. Гьенив вукIараб 10 къойида жаниб дида бихьана врачазул ва медхIалтIухъабазул гурхIел – рахIму ва бажари буголъи. БетIерай врач Г. МухIамадовалъул цIодораб бербалагьиялда гьоркь, терапиялъул отделениялъул «командаялъ» 100% тIуразарулел руго жидерго тIадал ишал. Р. СагIидовналъул нухмалъиялда гьоркь макьу – хIалхьи тун хъахIал халгIатал ретIарал хIурулгIинзаби свак лъачIого унтаразе хъулухъ гьабулел руго гьенир.

Медицинаялде рачIунаро цере ккарал гIадамал, гьез ретIараб хъахIаб халгIаталъ кIудияб жавабчилъи тIаде босула. ГIадада гуро цIар рагIарав врач В. М. Бехтеревас абураб: «Врачасулгун букIараб тIоцебесеб гара-чIвариялдаса хадуб унтарасе бигьалъи лъугьинчIони, гьев врач кколаро,» - абун. Бигьаяб жо гуро кколеб щибаб къойил унтаразе божилъиги кьун, гьезул унти тIаса бикьизе. Гьедин гьабизе ккола медицинагун гIумро бухьинабурас.

ХIурматиял ГIайишат МухIамадова, РабигIат СагIидовна, ПатIимат СагIабдулаева, Умасарат МухIамадова, Марьямасият МухIамаева, ГIайишат РасулхIажиева, ГIайишат Казачиева, ПатIимат МухIамадханова, ХIурия МухIамадгIалиева, Сакинат МухIамадова, ПатIимат ГIабдурахIманова! РакI – ракIалъ абизе бокьун буго нужеда гIаданлъиялъухъ, намус бацIалъиялъухъ баркалайилан, Аллагьас цIунаги, нуж, унтудаса, балагьалдаса. Сайгъат гьабе гIадамазе сахлъи. Гьелдалъун сахаб гIумро даимлъаги нужее, нужер хъизанazеги. РакI – ракIалъ баркула цIияб 2021 сон.

**Нужер адаб хIурмат гьабулев**

**МухIастан МухIастанов**

# КIодо гьабуна



26 декабралда районалъул администрациялъул азбаралда букIана муниципалитеталъул школазул цIалдохъаби гIахьаллъараб тадбир. Гьеб рагьулаго районалъул культураялъул отделалъул нач. Г. ГIабдулаевас цIалдохъабазда баркана ЦIияб сон, гьарана лъикIабщинаб.

Тадбиралда гIахьаллъана бетIерасул замал ГI-М. МухIамадов, ХЪ-М. ГIабдулхаликъов, информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев ХI-М. ГъазимухIамадов, школазул директорал ва цIалдохъаби.

ЦIалдохъабазе хIадурун букIана ГIазул Дада ва ГIазул Яс гIахьаллъараб программа. Лъималаз цIалана кучIдул, цоцазе кьуна биценкIаби, рукIана кечI ахIи, кьурди гIадал номерал. Тадбиралда цIалдохъабазе кьуна сайигъаталги.

Юбилей

# Баркула!



Арал къоязда мустахIикъаб юбилей кIодо гьабуна Дагъистаналда цо йигей геолог, республикаялда рарал ГЭСазул изыскательниял хIалтIабазулъ жиндир жигара бутIа бугей специалист, районалъул «Ахихъан» газеталъул лъикIай гьудул ХIасанова Хадижат Мухтаровналъ.

ХIурматияй Хадижат ХIасановна! РакI – ракIалъ баркула Дуда гьаюраб къо ва тIаде щвараб 2021 сон. Риччан те гьаб соналда киналго Дур рекIел мурадал тIуразе, сахлъи, талихI – рохел, Дуе, хадусел саназда!

**Редколлегия**

Унсоколо районалъул прокурор Хайчилаев ХIажида, хъизан лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьесул эбел

**Разият**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги, нужеего сабруги кьеги.

Районалъул депутатазул Собраниялъул секретарь МухIамадгIалиева Асиятида, яцал вацазда ва тIолабго гIагарлъиялда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ЕИСалъул хIалтIухъабаз эбел

**Написат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Унсоколоса «Ахихъан» газеталъул хIурматияв гьудул ва цIалдолев ВухIамагIалиев ГIабдулагьида ва хъизан – лъималазда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго газеталъул хIалтIухъабаз гьесул вас

**ВухIамагIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас алжан кьун вохун ватаги гьев. Нужеего сабруги кьеги.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 29. 12. 20 г. 17.30 фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.